

Dwa nou ak sante nou

Konstitisyon ki pale de dwa ak libète pou moun ki nan Québec di ke tout moun egal, yo genyen menm dwa.

Konsa, **atik 10** ki nan konstitisyon an« kont tout diskriminasyon ou asèlman ki pale de ras, koulè, sèks, fanm ansent, chwa sèks moun la, etasivil li, laj li (sèlman jan lwa a peyi prevwa l), relijyon moun la, chwa politik li, lang li pale a, ras moun la kondisyon sosyal li, you andikap ou byen you mwayen pou l kache andikap la »

Lwa a rekonèt izaje yo genyen **dwa sante ak sèvis sosyal** :

- **Dwa** pou moun konen tout sèvis ki disponib nan zafè sante ak sèvis sosyal yo.
- **Dwa** pou moun resevwa bon sèvis ki nan domèn syantifik, imèn, sosyal. Sèvis sa yo dwe kontinye bay nan respè epi ak resous ki disponib yo.
- **Dwa** pou moun chwazi profesyonèl ak lokal ki bay sèvis yo. E pou yo gade si sèvis yo byen òganize epi disponib nan lokal la.
- **Dwa pou moun jwenn swen nan ka ijans.** Tout moun ke vi yo an danje dwe jwenn swen ki reponn ak sante yo.

- **Dwa pou moun konen** koman sante yo ye, sèvis ki disponib yo, risk e konsekans ki genyen avan ke yo

asepte pran swen yo. Dwa pou moun yo konen rapidman ki danje ak aksidan ki ka genyen lè yo pran you sèvis, ki konsekans sèvis sa ka genyen sou sante yo.

- **Dwa pou moun yo entène** selon swen sante yo mande a;
- **Dwa pou moun la bay ou byen refize bay konsantman l.** Pa genyen moun kap jwenn swen sanke li pa vle ou byen konsanti, kèlke swa sal ye ya, analiz, tretman ou

tout lot sèvis ou entèvansyon. Moun la lib pou l fè chwal ou byen deside.

- **Dwa pou moun la konen** tout desizyon ki pran sou sante ak vi l.
- **Dwa pou jwenn moun ki pou ede l** jwenn tout enfòmasyon ak fè demach de you sevis ki la.
- **Dwa pou prezante** nan ka you moun minè ou majè ki genyen problem fizik (domaje).
- **Dwa pou moun la genyen aksè** nan dosye l, dosye sa dwe rete sekrè a lòt moun.
- **Dwa pou sèvis an anglè** sa depann ki òganizasyon resous la genyen si li genyen sèvis sa la dan l;
- **Dwa pou moun la pouswiv you lot moun** nan ka you erè ou byen fot profesyonèl ou lot bagay.
- **Dwa pou moun la fèt plent** nan kat rejim plent.

Lwa sou sèvis sante ak sèvis sosyal oganize resous imenn, materyèl ak finans ki la espesyalman pou:

- *Kontrol patikilarite jerografik yo, lang yo, sosyokiltirèl yo, etnokiltirèl (plizyè ras) ak sosyoekonomik zòn yo (Article 2.5).* ;
- *Favorize nan resous sa yo sèvis sante ak sèvis sosyal nan plizyè lang pou moun ki soti nan lòt peyi ou byen lòt kominote kilitrèl (Article 2.7).*

POU FÈ YOU PLENT

Si yo pa respekte dwa nou ale nan lokal sa ou byen rele:

- Komisè pou plente pou etablisman;
- Sant asistans ak akonpayman Montréal nan zafè plent(CAAP-Île de Montréal) 514-861-5998;
- Ou byen you òganis ki defann dwa moun.

Kouvèti medikal ak estati imigran

Imigran yo (travayè kalfiyè yo, moun yo parene (fè demand). Se sou twa mwa lè yo fenk rive nan peyi a ke asirans maladi asepte yo (RAMQ), you asirans ki bay yo dwa pou yo genyen sèvis sante gratis. Moun ki nan sitiyaason sa yo pa bezwen tann delè twa mwa a, men sitiyaason yo: fanm ansent kat swiv doktè ki pral akouche, sèvis pou moun ki sibi vyolans konjigal nan fanmiy ou byen agresyon seksyèl (ka de jak) maladi ki ka enfekte moun ou byen maladi ki ka mete sante piblik an danje.

Moun kap tann delè twa mwa avan pou asirans maladi Québec asepte yo, yo dwe peye sèvis sante yo resevwa a nan ti tan avan twa mwa a rive ou byen yo genyen you asirans prive **nan senk jou aprè lè yo rive nan Canada.**

Refije yo (sètifika seleksyon Québec ak prèv aseptasyonkon refije nan Canada) yo pa nan zafè delè twa mwa yo menm. Moun estati refije yo, yo asepte deja nan Program federal sante enterim (PFSI) jis lè yo vin jwenn asirans maladi Québec (RAMQ).

Nan Québec tout moun dwe genyen **Asirans maladi**. Asirans maladi sa se Reji asirans maladi Québec ki pou bay li (RAMQ) ou byen you rejim prive (ki nan travay nou a). Si nou genyen you asirans prive nou dwe dezinski nan program maladi Québec la RAMQ n'ap jis konpose 514-864-3411. Demach sa obligatwa se devwa nou pou nou fè sa.

CSSS LA

You CSSS (sant sante ak sèvis sosyal yo) se you òganis piblik ki genyen CLSC (sant lokal sèvis kominotè yo), sant ospitalye jeneral yo ak CHSLD yo (sant ebèjeman ak swent ki mande tan) nan you menm zòn.

Misyon you CLSC se ofri sèvis sante yo ak sèvis sosyal yo ki pou tretman ou byen fe prevansyon. Li ofri you pakèt sèvis genyen: konsiltasyon medikal yo, swen enfimye yo

bay, sèvis nitrisyonis, sèvis yo bay moun ki lakay yo, sèvis pou moun ki pa itil kò yo., yo fè tès pou VIH-Sida ak MTS (maladi enfektyez yo) , klinik vaksinasyon , analiz sangin, program perinatal (program pou ti bebe ki nan vant , ak lè li fèt), sante mantal, toksikomani (pou moun ki pran dròg ou byen alkòl souvan), etc.

Pou konsilte you medsen

Québec genyen problèm medsen. Li difisil dèfwà pou jwenn you medsen nan CLSC yo ou byen genyen you medesen famiy. Pou jwenn swen nou dwe ale nan you klinik ke nou pa bezwen randevou (jwenn lis ki genyen klinik sa yo nan CLSC ki nan zòn lakay ou a) n'ap jis rele avan nou deplase n'ap ka konnen lè sa ki lè y'ap ouvri. Retounen nan klinik sa paske sa ap ede moun you konnen dosye sante nou pi fasil.

Pou konsilte you medsen espesyalis

Nan Québec pou konsilte you medsen espesyalis (dèmatològ, jinekòlòg, irològ, òtopedis, oftamològ, etc), nou dwe genyen you **referans** ke you doktè jeneralis ba nou (medsen famiy ou byen you medsen ki nan you klinik san randevou).

Bezwen you entèprèt nan lang nou pale?

Pou moun ki pa pale byen fransè ou byen anglè kapab jwenn sèvis you entèprèt. Pou fè sa, moun la dwe ale ou rele establisman la kom (CLSC, lopital, sant ebèjeman, klinik, etc), ki pral fè demach la. Entèprèt ap vini rapid ou byen li fè travay la nan telefòn. Sèvis sa gratis men fòk li planifye.

8-1-1
RELE ENFO-SANTE

INFO-SANTE

Pou tout kesyon ki genyen rapò ak sante nou ou byen you moun ki pròch nou, nou kap wè you enfimye, n'ap rele 8-1-1. Enfimye a pral ap evalye sitiyaasyon an / l'ap di nou ki etablisman ki bon pou sa n'ap chèche a (klinik medikal ou byen ijans nan you lopital). Sèvis sa gratis li disponib 24 sou 24.

Ijans lopital

Tan nan ijans yo kapab long anpil. Si se pa you maladi enkyetan, nou kapab konsilte you medsen nan you klinik san randevou ou byen telefone enfo-sante (8-1-1) avan nou ale lopital. **Si se you kriz kadyak, pedi konesans , aksidan sou wout , tromatis nan tèt ou byen kolon etc.** Rele rapidman you anbilans n'ap jis fè 9-1-1.



Sant kon pwazon

Se you sèvis ki la pou sitiyaasyon ki mande ijans pou moun ki pran nan pwazon. Sèvis sa gratis li disponib 24 sou 24 n'ap rele 1800 463-5060.

SANTÉ-VOUS CHEZ-VOUS !

SWEN SANT NAN QUEBEC
Les soins de santé au Québec
(version 2010)



ACCÉSS



Version en créole

Ce dépliant est complémentaire à une session d'information. Elle n'est donc pas exhaustive. La traduction de ce dépliant fut possible grâce au financement du Ministère de la santé et des services sociaux.